

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Sajak anu jadi objék dina ieu panalungtikan mangrupa sajak karya Surachman RM dina buku kumpulan sajak anu judulna *Di Taman Larangan*. Surachman Radéa Maman atawa nu leuwih dipikawanoh Surachman RM, dibabardeun di Garut, 13 Séptember 1936. Salaku pangarang karya sastra, hususna sajak, nurutkeun Setiawan (2019) Surachman RM saenyana teu kungsi neuleuman pangaweruh ngeunaan kasusastraan lantaran dina dunya atikanana Surachman RM téh lulusan sarjana hukum. Sanajan teu neuleuman ngeunaan kasusastraan, tapi Surachman RM geus nyieun sababaraha tulisan sastra dina wong sajak, di antarana waé aya buku nu judulna *Surat Kayas* nu diterbitkeun ku Balai Pustaka dina taun 1967. Buku nu kadua judulna *Basisir Langit* nu diterbitkeun ku Balai Pustaka dina taun 1976. Buku katilu, anu jadi objék dina ieu panalungtikan nya éta *Di Taman Larangan* anu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama dina taun 2012.

Buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* di jerona ngawengku sajak-sajak anu jumlahna aya 57 judul sajak. Tina éta 57 judul sajak, eusi sajak-sajakna mangrupa carita atawa pangalaman panyajak di sababaraha tempat anu kungsi dianjangan di wilayah Asia, Afrika, Éropa, Amérika, jeung aya oge sajak anu eusina mangrupa rasa panyajak kana hiji pasualan. Teu sakabéh jalma nyaho ngeunaan tempat-tempat nu ditulis dina ieu sajak komo deui tempat anu ayana di luar nagri saperti Bénténg Tiongkok, Piramida Gizéh, Crocodilarium, East Coast Lagoon di Singapura, Nederland, Dén Haag, jeung sajabana. Ku kituna, sanajan ieu sajak téh ngan saukur carita tina pangalaman panyajak, tapi tina ieu sajak pamaca atawa aprésiator meunang pangaweruh anyar ngeunaan tempat-tempat anu dicaritakeunana. Salian ti méré pangaweruh anyar, dina ieu sajak ogé panyajak nepikeun ajén-ajén anu mangpaat pikeun kahirupan. Katitén dina sajakna lamun dibaca saliwat mah mémang nyaritakeun pangalaman di hiji tempat anu kungsi didatangan ku panyajak. Tapi disatukangeun éta, pangalaman di éta tempat téh dipatalikeun jeung pasualan-pasualan anu aya dina kahirupan.

Dina karya sastra wangun sajak, panyajak teu salawasna nepikeun amanat tina sajakna. Tapi pamaca atawa aprésiator bisa nyangking amanat dumasar kana puseur panitén jeung pamadegan séwang-séwangan. Kitu ogé sajak-sajak anu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan*, sanajan ieu sajak méh sarua jeung catetan pangalaman lalampahan pribadi tapi panyajak ku kamahéranana dina nyieun sajak, bisa matalikeun pangalaman lalampahana jeung pasualan-pasualan anu aya dina kahirupan, ngagunakeun basa nu diumpamakéun. Ku kituna, dina ieu sajak, jero pisan amanat anu bisa dicangking ku pamaca lamun pamaca kalawan taliti neuleuman éta sajak. Pikeun nyangking amanat atawa pesen moral tina karya sastra hususna sajak, kudu dianalisis heula unggal sajakna. Analisisna nya éta analisis lahir jeung analisis batin atawa bisa ogé disebut analisis unsur intrinsik jeung ékstrinsikna. Ieu analisis téh kudu dicumponan lamun hayang nyangking amanat anu nyangkaruk dina sajak.

Sastra mangrupa salahahiji alat pikeun nepikeun kereteg haté atawa kedaling eusi haté hiji pangarang, ngagunakeun basa nu éndah jeung diébréhkeunana dina wangun lisan atawa tulisan. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 105) sastra téh mangrupa hiji bagian tina seni anu boga ciri mandiri, ngandung kaartistikan, kaéndahan, kajujuran, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtu panganutna kana sipat anu lemes, malahan bisa nganteurkeun kana udagan kahirupan manusa nu leuwih wijaksana. Seni dina karya sastra mangrupa hiji hal nu bisa ngabalukarkeun karya sastra téh jadi éndah jeung jadi pangbéda tina tulisan-tulisan séjénna. Luyu jeung harti sastra nurutkeun *Kamus Basa Sunda* karangan Danadibrata (2015, kc. 615) nya éta tulisan atawa buku, ari kecap kasusastaan hartina kabinangkitan, ngatur catur ngaréka basa atawa kumpulan buku-buku anu hadé basana jeung alus eusina. Jadi cindekna, karya sastra téh hasil karya manusa boh lisan boh tulisan anu eusina medar ngeunaan pangalaman kahirupan sarta ngandung unsur kaéndahan jeung nyangkaruk mangpaat pikeun kahirupan manusa kahareupna.

Karya sastra ilaharna medar ngeunaan kahirupan sosial jeung budaya. Ku kituna, tina karya sastra, pamaca atawa aprésiator bisa maham kana harti

**Derizda Sridaryanti, 2021**

**ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK**

**DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kahirupan anu saenyana jeung bisa ngadidik manusa sangkan leuwih wijaksana dina ngungkul anu sagala rupa pasualana anu aya dina kahirupan masarakat. Eusining sastra, ngajak pamacana sangkan bisa numuwukeun imajinasina nepi ka pamaca bisa nyangking maksud anu tangtu dumasar kana carita anu aya dina éta karya. Salian ti mangpaat pikeun kahirupan, dina karya sastra ogé aya kaéndahan anu jadi salahahiji hal anu ngirut pamaca. Karya sastra saéstuna teu wungkul ngahibur méré kasugemaan secara fisik tapi waktu maca karya sastra téh bisa numuwuhkeun kasugemaan anu leuwih luhur nyaéta kasugemaan batin. Ieu hal luyu jeung pamadegan Warren (dina Nurgiyantoro, 2005) yén maca hiji karya sastra fiksi berarti ngahibur diri pikeun meunangkeun kasugemaan batin. Sacara umum, fungsi karya sastra téh nya éta pikeun nepikeun ide-ide atawa gagasan-gagasan pangarang nu nyieun éta karya, boh pangarang karya sastra dina wangun sajak boh pangarang sastra dina wangun prosa, boh pangarang sastra dina wangun drama. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 14) para ahli ngumpulkeun sawatara fungsi sastra, di antarana salaku pakakas komunikasi, pakakas nuluykeun tradisi jeung revitalisasi budaya, pangwangun ajén kamanusaan atawa humaniora jeung panglipur haté.

Ditilik kana wangunna, kasusastraan Sunda dibagi jadi tilu nya éta prosa, puisi jeng drama. Karya sastra dina wangun puisi, kabagi jadi sababaraha wanda di antarana waé aya puisi anu ngawujud carita atawa naratif saperti carita pantun jeung wawacan, tuluy aya puisi anu teu naratif nyaéta puisi mantra, kakawihan, sisindiran, guguritan jeung sajak. Nurutkeun Jayanti (2014, kc.5) sajak nyaéta karya sastra modéren nu mangrupa salahahiji jenis tina puisi Sunda anu teu kauger ku aturan-aturan nu tangtu. Ku kituna, dina mimiti gelarna sajak dina kasusastraan Sunda sok disebut ogé sajak bébas.

Sajak kaasup salahahiji karya sastra anu bisa ditalungtik tina sagala aspék lantaran sajak mangrupa struktur anu disusun tina rupa-rupa unsur jeung sarana *kepuitan*. Panalungtikan ngeunaan analisis struktur sajak kungsi ditalungtik ku sababaraha mahasiswa, di antarana waé dia wangun skripsi nyaéta “Analisis Struktural Puisi Mantra di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis

pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi di SMA Kelas X” ku Iis Aisah taun 2013, “Analisis Struktural dina Kumpulan Sajak Titimangsa Karya Abdullah Mustappa” ku Riksa Sukma Wibawa taun 2015, “Kajian Struktural, Stilistik jeung Etnopédagogik dina Kumpulan Sajak Periode Taun 2000-an” ku Acep Deri Cahyadi taun 2016, jeung “Kumpulan Sajak jeung Dangding di Nagri Katumbiri Karya Dédy Windyagiri (Ulikan Struktural jeung Éstética)” ku Rosita Pasta Aulina taun 2019. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan nu ditulis dina wangan jurnal, di antarana waé “*Analisis Struktural Antologi Puisi Hujan Lолос di Sela Jari Karya Yudhiswara*” ku Gunta Wirawan taun 2016, “*Analisis Unsur Intrinsik Puisi Karya Siswa Kelas VA SDN 1 Nagarasari*” ku Hani Tresnawati taun 2018, “*Analisis Gaya Bahasa dalam Puisi Anak*” ku Andi Komara Faudilah taun 2018, “*Analisis Unsur Intrinsik Puisi Tema Guru Karya Siswa Kelas V SDN 1 Nagarasari*” ku Cecep Ahmad Hidayat taun 2018 jeung “*Analisis Semiotik Pada Puisi Barangkali Karena Bulan Karya WS. Rendra*” ku Budi Setia Pribadi taun 2019.

Sanajan méh sarua maluruh ngeunaan struktur tina sajak, tapi dina panalungtikan saméméhna mah struktur anu diguar téh ngan saukur struktur batinna, anu ngawengku téma, nada, rasa jeung amanat. Ari dina ieu panalungtikan, struktur nu dianalisis téh salian ti struktur batinna, dianalisis ogé struktur lahirna lantaran karya sastra sacara umum diwangun ku dua unsur nyaéta unsur intrinsik (batin) jeung unsur ékstrinsik (lahir). Éta dua unsur téh teu bisa madeg mandiri, lantaran mangrupa hiji beungkeutan (struktur) antara nu hiji jeung lianna, sarta silih lengkepan nepi ka kahontal maksudna. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Analisis Struktur Lahir jeung Batin dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, dina ieu panalungtikan aya sababaraha rumusan masalah, nya éta:

- 1) kumaha struktur lahir nu nyampak dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM?
- 2) kumaha struktur batin nu nyampak dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, dina ieu panalungtikan tangtu aya udagan nu kudu dipikahontal nu hadé tur saluyu jeung naon nu dipiharep dina kasang tukang jeung rumusan masalah. Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku dua aspek nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahann panalungtikan nu kungsi dilakonan dina widang sastra utamana dina wangu sajak. Struktur lahir jeung struktur batin dina kumpulan sajak ditalungtik pikeun mekarkeun pangaweruh kana maham sajak ku cara nganalisis struktur lahir jeung struktur batinna. Struktur dina sajak téh silih patali antar babaganana, antukna harti atawa maksud tina éta sajak téh bisa dipikanyaho. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan struktural anu ngawengku unsur lahir jeung unsur batin anu aya dina unggal sajak. Unsur lahir dina sajak, ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa jeung purwakanti. Ari unsur batinna ngawengku nada, téma, rasa jeung amanat.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) nganalisis struktur lahir dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM;
- 2) nganalisis struktur batin dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan boga mangpaat nu dipiharep nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat , nya éta:

- 1) pikeun nambahana jeung neuleuman pangaweruh ngeunaan kasusatraan Sunda;
- 2) pikeun ngadeudeulan pamaca ngeunaan maham karya sastra dina wangu sajak, ngagunakeun analisis struktur lahir jeung batin nu aya dina kumpulan sajak. Dina ieu panalungtikan téh nu jadi objékna nyaéta kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat, nya éta:

- 1) pikeun panalungtik nambahana pangaweruh tur pangalaman dina proses panalungtikan utamana nu medar analisis struktur lahir jeung batin tina sajak;
- 2) pikeum nu maca, bisa neuleuman jeung ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna dina wangu sajak;
- 3) pikeun numuwuhkeun karesep nonoman Sunda dina ngadokuméntasikeun pangalaman dina tulisan hususna wangu sajak.

## **1.5 Sistematika Tulisan**

Ieu skripsi ngawengku 5 Bab, nyaéta Bab I nu medar ngeunaan kasang tukang ieu panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat ieu panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis, praktis jeung sosil, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Dina Bab II medar ngeunaan tiori-tiori nu ngarojong kana dilaksankeunana ieu panalungtikeun, ngawengku téori sastra, sajak, struktur lahir sajak jeung struktur batin sajak.

Dina Bab III medar ngeunaan metodé nu dipaké dina ieu panalungtikan, nu ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Dina Bab IV medar ngeunaan hasil jeung pembahasan tina ieu panalungtikan dumasar kana tiori-tiori nu geus dipedar saméméhna.

Dina Bab V nyaéta panutup nu ngawengku kacindekan tina panalungtikan jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna